# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

भारतीय पोत नंदा देवी करीब छियालीस हजार मीट्रिक टन एलपीजी ले के आजु गुजरात के वडीनार बंदरगाह पर पहुंचि गइल। दीनदयाल बंदरगाह प्राधिकरण क अध्यक्ष सुशील कुमार सिंह ई जनकारी दिहलें।

***नंदा देवी शिप जो आज सुबह दो बजकर तीस मिनट पर आया है और यह 46 हजार पांच सौ मीट्रिक टन एलपीजी लेकर के आया है और यहां पर इसका शिप टू शिप ऑपरेशन होगा। ये असल एंकरेज एरिया में, आईसीज में यह ऑपरेशन होगा, ट्रांसफर होग। जो डोटरवेशल है डी डब्ल्यू बर्च वो भी आ चुका है। उसको साइड में प्लेस करने के लिए जो इक्यूपमेंट लगते हैं। वैंडर्स वगैरह वो भी पहुंच गये हैं तो वो एरेंजमेंट चल रहा है।***

कालि्ह एगो अउरियो एलपीजी वाहक पोत मुंद्रा बंदरगाह पहुंचल रहल। दुन्नो खेप से देस के गैस भण्डार में ढेरे बढ़ोत्तरी भइले क ओम्मेद बा। अधिकारी लोगि भरोसा दिहलें कि देस में गैस आपूर्ति में फिलहाल कउनों कमी नाही बा।

**********

प्रदेस के कई जिलन में रसोई गैस क सुचारू तौर पर आपूर्ति बदे लगतारे निगरानी आ कार्रवाई चलि रहल हौ। येही कड़ी में अम्बेडकरनगर जिला में गैस क कालाबाजारी करे वाले तीनि जने के खिलाफ मोकदिमा दरज कइल गइल बा। हमरे अम्बेडकरनगर प्रतिनिधि बतवलें कि ओइजा क जिलाधिकारी टीमि भेजि के कालाबाजारी के मामिला क जांचि करवले रहलें। एकरे बाद सीएससी संचालक के सथहीं दुइ लोगिन के खिलाफ इब्राहिमपुर थान्हा में मोकदिमा दरज कइ लिहल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मिर्जापुर में विन्ध्य कॉरिडोर क निरीक्षण कइलें। येह मौका पर उहां के लइकन से बातोचीत कइलीं। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री ने कहा कि विन्ध्य कॉरिडोर परियोजना भारतीय सनातन परम्परा और आधुनिक वास्तुकला का अद्भुत संगम है। उन्होंने कहा कि इस कॉरिडोर से धार्मिक पर्यटन को बढ़ावा मिलने के साथ ही विन्ध्याचल धाम के धार्मिक और सांस्कृतिक विरासत की पहचान वैश्विक स्तर पर और मजबूत होगी। मुख्यमंत्री ने वरिष्ठ अधिकारियों के साथ समीक्षा बैठक कर चैत्र नवरात्रि मेले की तैयारियों का जायजा लिया। श्री योगी ने चैत्र नवरात्रि एवं रामनवमी के अवसर पर आने वाले श्रद्धालुओं के लिये सुगम दर्शन, बेहतर स्वच्छता और समुचित व्यवस्था प्रभावी ढंग से सुनिश्चित करने के निर्देश दिये। मिर्जापुर से एमएस सबा की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

एहसे पहिले मुख्यमंत्री मां विन्ध्यवासिनी क दरसनो–पूजन कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में कैलाश मानसरोवर क पांच सौ पचपन तीर्थयात्रियन के एक–एक लाख रूपिया क वित्तीय सहायता दिहलें। येह मौका पर यात्रियन के साथे वित्त मंत्री सुरेश खन्ना आ पर्यटन मंत्री जयवीर सिंहो मौजूद रहलें।

**********

केन्द्र सरकार, प्रधानमंत्री फसल बीमा योजना में संसोधन कइले हौ। आजु लोकसभा में पूरक सवाल क जबाब देत कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान ई जनकारी दिहलें। उहां के कहलीं कि अब जो त बीमा कम्पनी एक्कइस दिन के अन्दर दावा निपटवले में फेल रहल त ओहू के कृषि से जुड़ल दावा पर बारह फीसदी बेयाज के साथे भुगतान करे के होई। सथहीं जो त राज्य सरकार दावा प्रक्रिया में देरी करी त ओहके किसानन के बारह फीसदी बेयाज देवे के होई। उहां के कहलीं कि किसान, दावा निपटवले से जुड़ल आपन सिकाइति कृषि रक्षक पोर्टल पर सिकाइति दरज करा सके लें।

**********

उत्तराखंड सरकार येह बरिस चारधाम जतरा बदे खास स्वास्थ्य इतिजाम कइले हौ। ओइजा अब तीर्थयात्रियन के स्वास्थ्य क निगरानी उचित समय पर ई–स्वास्थ्य धाम पोर्टल के जरिये कइल जाई। एगो रिपोर्ट–

***तीर्थयात्रा मार्गों, मुख्य पड़ावों और चारों धामों की स्थायी तथा अस्थायी चिकित्सा इकाइयों में अनुभवी चिकित्सक और पैरामेडिकल स्टाफ तैनात किए जाएंगे। आपातकालीन स्थिति से निपटने के लिए यात्रा मार्गों पर 177 एम्बुलेंस तैनात रहेंगी, जिनमें 108 आपातकालीन सेवा, एडवांस लाइफ सपोर्ट और कार्डियक एम्बुलेंस शामिल हैं। इसके अलावा टिहरी में एक बोट एम्बुलेंस और एक हेली एम्बुलेंस भी उपलब्ध रहेगी, जिसका संचालन एम्स ऋषिकेश के माध्यम से किया जाएगा। साक्षी सिंह, आकाशवाणी समाचार, देहरादून।***

**********

मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा में प्रदेस क अधिकतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस के मामूली बढ़ोत्तरी क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक अगिला तीनि दिन के दौरान न्यूनतम तापमानों में धीरे–धीरे दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क बढ़ोत्तरी भइले क सम्भावना बा।

**********